

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi data ngeunaan léksikon tutuwuha dina babasan jeung paribasa Sunda anu ditepikeun dina bab IV, aya sababaraha hal anu bisa dicindekeun.

Babasan jeung paribasa Sunda anu ngandung Léksikon tutuwuhan téh kapanggih 57 data babasan jeung paribasa Sunda. Tina jumlah sakitu téh aya 39 babasan jeung 18 paribasa. Babasan nu ngandung léksikon tutuwuhan, nyaéta (01) ambekna sakulit bawang, sakecap kadua gobang (BPKBS1/33/Bb), (02) ambon sorangan (BPKBS2/14/Bb), (05) babalingbingan (BPKBS1/30/Bb), (06) beuneur héjo (BPKBS2/29/Bb), (07) budak bau jaringao (BPKBS1/87/Bb), (08) buruk-buruk papan jati (BPKBS1/47/Bb), (09) caringin kurung (BPKBS1/52/Bb), (12) dah bawang dah kapas (BPKBS1/33/Bb), (13) dibabad pacing (BPKBS1/27/Bb), (14) disakompet-daunkeun (BPKBS2/91/Bb), (17) éntép seureuh (BPKBS1/65/Bb), (18) galeuh kangkung awi bitung (BPKBS2/55/Bb), (19) gandrung kapingrung (BPKBS1/64/Bb), (20) jadi kembang carita (BPKBS1/98/Bb), (23) kapiasem (BPKBS2/18/Bb), (24) kawas beubeulahan térong (BPKBS1/156/Bb), (25) kawas kacang ninggang kajang (BPKBS1/93/Bb), (26) kawas nu weureu gadung (BPKBS1/173/Bb), (27) kembang buruan (BPKBS1/98/Bb), (28) kembang jalan (BPKBS1/98/Bb), (29) kembang soca (BPKBS1/98/Bb), (30) kolot kalapa (BPKBS1/94/Bb), (31) kumaha kembang honjéna baé (BPKBS2/69/Bb), (32) lain bangban lain pacing (BPKBS1/31/Bb), (34) lalayu sekar (BPKBS2/147/Bb), (35) malapah gedang (BPKBS1/127/Bb), (37) moal sirungan (BPKBS1/149/Bb), (39) ngadaun ngora (BPKBS2/47/Bb), (40) ngalangeu atawa ngadaweung ngabangbang areuy (BPKBS1/22/Bb), (41) ngaleut ngeukeuy ngabandaleut, ngembat-ngembat nyatang pinang (BPKBS2/13/Bb), (43) ngembang kadu (BPKBS1/98/Bb), (44) ngembang wéra (BPKBS1/98/Bb), (45) ngulit bawang/sakulit bawang (BPKBS1/34/Bb), (46) nunggul pinang (BPKBS1/134/Bb), (48) pakokolot supa

(BPKBS1/100/Bb), (50) réa harta réa harti, réa ketan réa keton (BPKBS1/140/Bb), (51) rubuh-rubuh gedang (BPKBS1/141/Bb), (52) siga jambé dibeulah dua (BPKBS2/77/Bb), jeung (54) taya waru taya dadap (BPKBS2/173/Bb).

Sedengkeun paribasa nu ngandung léksikon tutuwuhan, nyaéta (03) ana nyarita saungkab peundeuy (BPKBS2/129/Pb), (04) ari jauh seungit kembang, ari deukeut bau tai (BPKBS1/88/Pb), (10) catur tanpa bukur (BPKBS1/52/Pb), (11) cécéndét mandé kiara, cileungcang mandé sagara (BPKBS1/53/Pb), (15) dogong-dogong tulak cau geus gedé dituar batur (BPKBS1/62/Pb), (16) dunya teu sagedé atawa sarubak daun kélor (BPKBS1/64/Pb), (21) jéngkol mah aya usumna (BPKBS1/88/Pb), (22) kalapa bijil ti cungap (BPKBS1/94/Pb), (33) lain meunang pala kalah meunang palu (BPKBS1/127/Pb), (36) melak cabé moal jadi bonténg (BPKBS2/127/Pb), (38) monyét ngagugulung kalapa (BPKBS1/117/Pb), (42) ngaliarkeun taleus ateu (BPKBS2/154/Pb), (47) pacikrak ngalawan merak, bonténg ngalawan kadu (BPKBS2/107/Pb), (49) péso pangot ninggang lontar (BPKBS2/127/Pb), (53) tamiang meulit ka bitis (BPKBS1/153/Pb), (55) térong dibeulah dua (BPKBS2/158/Pb), (56) tungkul kana jukut tanggah kana sadapan (BPKBS1/163/Pb), jeung (57) ulah kacanir bangban (BPKBS1/51/Pb).

Tina 57 babasan jeung paribasa téh kapanggih 50 data léksikon tutuwuhan anu ngawengku:

- 1) Léksikon tatangkalan, nu ngawengku (a) awi bitung, (b) bangban, (c) caringin, (d) dadap, (e) jati, (f) kiara, (g) pinang, (h) tamiang, jeung (i) waru.
- 2) Léksikon kekembangan, nu ngawengku (a) bukur, (b) kembang honjé, (c) kembang, (d) kembang kadu, (e) kembang wéra, jeung (f) sekar.
- 3) Léksikon bungbuahan, nu ngawengku (a) ambon, (b) asem, (c) balingbing, (d) bonténg, (e) cabé, (f) cau, (g) cécéndét, (h) gedang, (i) gedang (jawa), (j) jambé, (k) kadu, (l) kalapa, (m) jéngkol, (n) pala, jeung (o) térong.
- 4) Léksikon dangdaunan, nu ngawengku (a) daun, (b) daun kélor, (c) kangkong, (d) lontar, jeung (e) sirung.
- 5) Léksikon akar-akaran, nyaéta canir.

- 6) Léksikon beubeutian, nu ngawengku (a) bawang, (b) gadung, (c) taleus, jeung (d) pacing.
- 7) Léksikon areuy-areuyan, nu ngawengku (a) areuy, jeung (b) seureuh.
- 8) Léksikon sisikian, nu ngawengku (a) beuneur, (b) gandrung, (c) kacang, (d) ketan, jeung (e) peundeuy.
- 9) Léksikon jujukutan, nu ngawengku (a) jaringao, jeung (b) jukut.
- 10) Léksikon supa, nyaéta supa.

Dipatalikeun kana budaya Sunda, léksikon tutuwuhan teu leupas tina sosial budaya masarakat Sunda nu sistem pakasabanana patali jeung tutuwuhan. Tutuwuhan sok dipaké dahareun atawa deungeun sangu, ogé sok dipaké ubar panyakit.

Dina budaya Sunda ogé aya anu upacara adat ngeuyeuk seureuh. Ngeuyeuk seureuh téh salasahiji upacara anu dilaksanakeun sapoé saméméh prung diistrénan. Ngeuyeuk téh nyaéta nguntun atawa ngarangkep-rangkep daun seureuh tuluy digulungkeun jeung ditalian ku kantéh beureum.

Salian pikeun dahareun jeung ubar, pakasaban urang Sunda ogé teu leupas ti nu ngaranna tutuwuhan. Éta hal kagambar tina babasan *beuneur héjo* anu dilarapkeun kana paré nu geus mimiti beuneur tapi masih héjo kénéh. Éta hal téh ngagambarkeun pakasaban urang Sunda nyaéa nyawah jeung ngahuma.

Dina kahirupan masarakat Sunda, salian ti nyawah jeung ngahuma téh biasana pakasabanana téh nyadap kawung atawa sok disebut ogé *pan(d)eresan* anu kagambar tina paribasa *tungkul kana jukut, tanggah kana Sadapa*.

5.1 Saran

Dumasar kana panalungtikan ngeunaan léksikon tutuwuhan babasan jeung paribasa Sunda, aya sababaraha saran anu ditepikeun, diantarana nyaéta:

- a. Perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan léksikon tutuwuhan dina produk budaya anu séjén, kayaning sisindiran, carita pantun, kakawihan, jsté.

- b. Panalungtikan léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda masih kénéh perlu pikeun dimekarkeun.
- c. perlu ayana élaborasi leuwih jero deui dina medar kumaha patalina antara kabudayaan jeung basa
- d. Ieu panalungtikan bisa jadi alternatif bahan ajar ma'na léksikal jeung ajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda.